

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung pedaran implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung, aya opat hal anu bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Wanda implikatur anu kapanggih dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV nyaéta implikatur konvénsional jeung konvérsasional. 84 omongan kagolong kana implikatur konvénsional jeung 48 omongan kagolong kana implikatur konvérsasional.
- 2) Sipat implikatur anu kapanggih dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV nyaéta daya batal (*cancelability*), daya pisah (*detachability*) daya itung (*calculability*), jeung konvénsionalitas. Dina implikatur konvénsional kapanggih aya 38 implikatur konvénsional sipat daya batal, jeung 46 implikatur konvénsional sipat konvénsionalitas. Ari dina implikatur konvérsasional kapanggih aya 5 implikatur implikatur konvérsasional sipat daya batal, 5 implikatur implikatur konvérsasional sipat daya pisah, jeung 38 implikatur implikatur sipat kalkulabilitas.
- 3) Wujud implikatur anu kapanggih dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV nyaéta: (a) 99 implikatur wujud pragmatis wawaran anu kabagi kana 31 implikatur wujud wawaran harti iber, 5 implikatur wujud wawaran harti nitah, 2 implikatur wujud wawaran harti ngajak, 12 implikatur wujud wawaran harti ménta, 1 implikatur wujud wawaran harti ngabagéakeun, 2 implikatur wujud wawaran harti nyaréék, jeung 46 implikatur wujud wawaran harti ngantebekeun; (b) 14 implikatur wujud pragmatis pananya anu kabagi kana 2 implikatur wujud pananya harti kaayaan, 1 implikatur wujud pananya harti ngantebekeun, 2 harti wujud pananya harti kalakuan, 4 implikatur wujud pananya harti sabab, 2 implikatur wujud pananya harti cara, jeung 2 implikatur wujud pananya harti babandingan, jeung 1 implikatur pananya ajén; (c) 15 implikatur wujud pragmatis paréntah anu kabagi kana 1 implikatur wujud paréntah

harti pangjurung, 4 implikatur wujud paréntah harti panitah, 4 implikatur wujud paréntah harti pamaksa, 1 implikatur wujud paréntah harti pangharepan, 2 implikatur wujud paréntah harti panyaréng, jeung 1 implikatur wujud paréntah harti anjuran; sarta (d) 4 implikatur wujud pragmatis panyeluk anu kabagi kana 1 implikatur wujud panyeluk tumamprak, 1 implikatur wujud panyeluk kakagét, jeung 2 implikatur wujud panyeluk katengtrem.

- 4) Wacana Borangan bisa dipaké bahan pangajaran biantara di SMA luyu jeung KD biantara nyaéta *3.5 Menganalisis isi, struktur, dan aspek kebahasaan teks biantara*, kalayan indikator *3.5.1 Menjelaskan isi teks biantara yang mengandung implikatur (Borangan)*, *3.5.2 Menganalisis jenis, sifat, dan wujud implikatur dari teks biantara (Borangan)*, jeung *3.5.3. Menyimpulkan jenis, sifat, dan wujud implikatur dari teks biantara (Borangan)* sarta KD *4.5 Mendemonstrasikan biantara dengan memperhatikan kesantunan dan penggunaan kaidah bahasa* kalayan indikator *4.5.1 Menulis teks biantara (Borangan) dengan memperhatikan kesantunan dan penggunaan kaidah bahasa*, jeung *4.5.2 Mendemonstrasikan biantara (Borangan) hasil karya sendiri*.

## 5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan miboga implikasi pikeun *comic* dina Borangan sangkan bisa maké implikatur nalika midangkeun matéri Boranganna. Ku kituna, ma'na nu rék ditepikeun anu miboga sipat sénsitif bisa ditepikeun anapon teu togmol, lian ti éta, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran biantara di SMA dina wangun LKS. Ku kituna, dipiharep sangkan guru basa Sunda bisa ngagunakeun LKS hasil panalungtikan implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung dina pangajaran biantara pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maham pangajaran biantara, hususna maham ngeunaan eusi biantara tina jihat implikatur.

## 5.3 Rékoméndasi

Implikatur medar ngeunaan ma'na nu nyamuni tina omongan, sanggeus maham ayana ma'na nu nyamuni, komunikasi bisa lumangsung kalayan lancar.

Risa Nurul Fauziah, 2018

IMPLIKATUR DINA WACANA NGABODOR NYORANGAN INEWS TV BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BIANBARA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Hartina, pamiarsa bisa maham kana naon anu dimaksud atawa dipikahayang ku panyatur. Ku kituna, pasalia dina komunikasi bisa diungkulan

Panalungtikan implikatur dina wacana Borangan museur kana panalungtikan ngeunaan implikatur hungkul. Ku kituna perlu ditalungtik leuwih lega deui ngeunaan wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung anu disawang tina ulikan pragmatik séjénna atawa panalungtikan implikatur kana objék séjén.